

PASINAON MAOS GEGURITAN

**(Studi Kasus ing Kelas VIIIA SMP Negeri 4 Purwantoro
Semester 1 Taun Pelajaran 2013/2014)**

TESIS

**Kangge Hanjangkepi Saperangan Syarat Anggayuh Drajat Magister
Program Studi Magister Pendidikan Bahasa**



Kaanggit dening

Kustini

NIM. 10PSC01159

**PROGRAM PASCASARJANA
UNIVERSITAS WIDYA DHARMA KLATEN
2015**

PASARUJUKAN

PASINAON MAOS GEGURITAN



Studi Kasus ing Kelas VIIIA SMP Negeri 4 Purwantoro Semester 1
Taun Pelajaran 2013/2014

dening:

Kustini

NIM. 10PSC01159

Sampun Pikantuk Pasarujukan dening Pamong

- | | | |
|--|--|----------------------|
| 1. Pamong I
Dr. D.B. Putut Setiyadi, M.Hum.
NIP 19600412 198901 1 001 | Tapak Asma
.....  | Tanggal
21-4-2015 |
| 2. Pamong II
Drs. Tukiyo, M.Pd.
NIK 690 889 111 |  |
23-4-2015 |

Kauningan

Ketua Program Studi Pendidikan Bahasa



PANGESAHAAN

PASINAON MAOS GEGURITAN





Studi Kasus ing Kelas VIIIA SMP Negeri 4 Purwantoro Semester 1
Taun Pelajaran 2013/2014

dening:


Kustini

NIM. 10PSC01159

Sampun dipunsarujuki lan dipunsahaken dening Tim Panguji:


Jabatan	Asma	Tapak Asma
Pangarsa	Prof. Dr. Triyono, M.Pd.	
Panyitra	Dr. Hersulastuti, M.Hum.	
Panguji 1	Dr. D.B. Putut Setiyadi, M.Hum.	
Panguji 2	Drs. Tukiyo, M.Pd.	

Kauningan



Prof. Dr. Herman J. Waluyo, M.Pd.
NIK. 690 115 345

Ketua Program Studi
Magister Pendidikan Bahasa



Dr. D.B. Putut Setiyadi, M.Hum.
NIP. 19600412 198901 1 001

PRATELA

Ingkang tapak asma ing ngandhap punika, kula:

Nama : Kustini
NIM : 10PSC01159
Jurusan : Magister Pendidikan Bahasa
Program : Pascasarjana

mratelakaken kanthi sayektosipun bilih *tesis* ingkang irah-irahanipun:

Irah-irahan : **Pasinaon Maos Geguritan (Studi Kasus ing Kelas VIII A SMP Negeri 4 Purwantoro, Wonogiri, Semester 1, Taun Pelajaran 2014/2015)**

punika seratan kula piyambak. Prakawis ingkang sanes asiling karya kula ing salebeting *tesis* punika dipunsukani tandha *sitasi* lan dipuntedahaken ing salebeting kapustakan.

Bokbihing mangkenipun kabukten bilih pratela kula punika boten leres, kula sagah nampi *sanksi akademik* arupi dipuncabutipun *tesis* lan *gelar* saking *tesis* kasebat.

Klaten, 25 April 2015
Ingkang damel pratela

Kustini
NIM. 10PSC01159

MOTTO

Ngelmu iku kalakone kanthi laku

'Ilmu itu bisa diraih dengan cara (pengorbanan)'

(Paku Buwana IV)

Durung pinter wong lamun durung gelem ngakoni manawa dheweke iku bodho.

*Kanthi mangkono dheweke tansah ngudi undhaking kawruh ing saben dinane
minangka sarana memayu hayuning sasama.*

(Butir-butir Budaya Jawa)

PISUNGSUNG

Tesis menika kula pisungsungaken dhumateng:

1. Semah kula, Sriyanto, SE, ingkang tansah paring panyengkuyung.
2. Anak-anak kula, Bangkit Purbandoro lan Seno Purbandoro, ingkang tansah asung panjurung.

ATUR PANGLANTAR

Puji syukur konjuk wonten ngarsa-Dalem Gusti Ingkang Mahakawasa, karana lubering sih kanugrahan ingkang agung satemah panaliti saged ngrampitaken tesis ingkang irah-irahanipun “Pasinaon Maos Geguritan (Studi Kasus ing Kelas VIIIA SMP Negeri 4 Purwantoro, Wonogiri, Semester 1 Taun Pelajaran 2013/2014)”. Tesis punika kaanggit minangka satunggaling syarat kangge nggayuh drajat Magister Pendidikan Program Studi Pendidikan Bahasa Universitas Widya Dharma Klaten.

Sarehning tesis punika sampun rampit, panganggit ngaturaken agunging panuwun ingkang tanpa pepindhan katur:

1. Prof. Dr. H. Triyono, M.Pd., Rektor Universitas Widya Dharma (Unwidha) Klaten ingkang sampun paring *fasilitas*.
2. Prof. Dr. Herman J. Waluy0, M.Pd., Direktur Program Studi Pascasarjana Universitas Widya Dharma Klaten, ingkang sampun ngeparengaken panganggit nindakaken panaliten.
3. Dr. H. D.B. Putut Setiyadi., M.Hum. Ketua Program Studi Magister Pendidikan Bahasa, Program Pascasarjana, Universitas Widya Dharma Klaten ingkang sampun paring panjurung panganggiting tesis menika saha minangka dhosen pamong 1, ingkang sampun nuntun kanthi sabar lan tlaten.
4. Drs. Tukiyo, M.Pd., minangka dhosen pamong 2, ingkang sampun paring pangarah dalah panuntun salebetung ngrampitaken tesis punika.

5. Misdyanto, SE,S.Pd.Ing., Kepala Smp Negeri 4 Purwantoro, ingkang sampun paring idi palilah dhumateng panalitingawontenaken panaliten ing sekolah ingkang dipunpanggarsani.
6. Sedaya pihak ingkang boten saged panaliti sebataken satunggal baka satunggal ingkang sampun paring panyengkuyung awujud punapa kemawon satemah tesis punika saged rampit.

Panaliti sampun mbudidaya murih bregasing tesis punika, ewasamanten panaliti jejer titah sawantah boten uwah saking kekirangan. Ingkang punika panyaruwe saking para kadang maos tansah panaliti antu-antu.

Klaten, 2 Mei 2015

Panaliti

Kustini

DHAFTAR ISI

	kaca
SESIRAH	i
PASARUJUKAN	ii
PANGESAHAAN	iii
PRATELA	iv
MOTTO	v
PISUNGSUNG	vi
ATUR PANGLANTAR	vii
DHAFTAR ISI	viii
DHAFTAR TABEL	ix
DHAFTAR GAMBAR	x
DHAFTAR LAMPIRAN	xi
SARI PATHI	xii
ABSTRAK	xiii
<i>ABSTRACT</i>	xiv
BAB I PURWAKA	1
A. Pancadaning Rembag	4
B. Idhentifikasi Prakawis	4
C. Wewatesaning Prakawis	4
D. Rumusaning Prakawis	4
E. Ancasing Panaliten	5
F. Mumpangating Panaliten	5
BAB II LANDHESAN TEORI LAN CENGKORONGANING	
PAMIKIR	7
A. Lelandhesaning Teori	7
1. Pasinaon	7
a. Wredining Pasinaon	7
b. Ancas lan Tumindaking Pasinaon	8
c. Modhel Pasinaon	10
d. Pambijining Pasinaon	12
2. Maos Geguritan	14
a. Pangretosaning Maos	14
b. Pangertosaning Geguritan	15
c. Wigatosing Maos Geguritan	18
d. Syarat-syarat Maos Geguritan	19
e. Nggladhi Siswa Maos Geguritan	23

B. Panaliten ingkang Gayut	23
C. Warangkaning Pamikir	26
BAB III METODHOLOGI PANALITEN	29
A. Objek, Papan, lan Wekdaling Panaliten	29
B. Wujud lan Strategining Panaliten	30
C. Jinis lan Sumbering Dhata	31
D. Teknik Ngempalaken Dhata	32
1. Observasi	32
2. Cathetan Lapangan	34
3. Wawancara	35
4. Dhokumentasi	37
E. Validitas Dhata	41
F. Teknik Analisis Dhata	42
BAB IV ASILING PANALITEN LAN PANGREMBAGIPUN	50
A. Dhata ingkang Kapanggihaken	50
1. Rancanganing Pasinaon	51
2. Caranipun Pikantuk Pratelan Idhentitas Dhata	53
3. Pratelan Idhentitas Dhata (PID) ing Panaliten	53
4. Caranipun Pikantuk Unit Dhata Utama (Udhaut)	59
5. Unit Dhata Utama (Udhaut) ing Panaliten	62
B. Pangrembagipun	78
1. Pangrembagipun Udhaut	79
2. Pangrembagipun Asiling Wawan Rembag, Silabus, RPP, lan Evaluasi	123
C. Rangkuman	136
BAB V PANUTUP	143
A. Dudutan	143
B. Implikasi	144
C. Pamrayogi	145
KAPUSTAKAN	146
LAMPIRAN-LAMPIRAN	148

DHAFTAR TABEL

1. Lembar Observasi	34
2. Pandom Wawancara	37
3. Pasinaon Wetah ing PID lan Udhaut	67

DHAFTAR GAMBAR

1. Triangulasi	13
2. Warangkaning Pamikir	29
3. Pitung Langkah Nyawisaken Dhata	41
4. Gangsal Langkah Analisis Dhata	46

DHAFTAR LAMPIRAN

1.	Silabus Membaca <i>Geguritan</i>	149
2.	Rencana Pelaksanaan Pembelajaran (RPP) Bahasa Jawa	150
3.	Cathetan Wawan Rembag (<i>wawancara</i>) kaliyan Guru	153
4.	Cathetan Wawan Rembag (<i>wawancara</i>) kaliyan Siswa	157
5.	Transkrip Pasinaon Maos Geguritan	160

SARI PATHI

Kustini, 10PSC01159, 2015. Pasinaon Maos Geguritan (Studi Kasus ing Kelas VIIIA SMP Negeri 4 Purwantoro, Wonogiri, Semester 1 Taun Pelajaran 2013/2014). Tesis: Program Pascasarjana Universitas Widya Dharma Klaten.

Panaliten punika nggambarkeraken kiprahing pasinaon maos geguritan ing kelas VIIIA SMP Negeri 4 Purwantoro. Panaliten punika nggaduhahi ancas tujuwan kangge mangertosi lumampahing pasinaon maos geguritan lan kange mangertosi sebab musababipun kadadosan pasinaon maos geguritan siswa kelas VIIIA SMP Negeri 4 Purwantoro kalaksanan kados dene ingkang kasumurupan nalika *observasi*.

Metodhe ingkang kaginakaken ing panaliten punika awujud panaliten *kualitatif deskriptif*. Jinis dhataanipun, awujud tetembungan lan tindak tanduk. Sumbering dhata panaliten punika papan lan prastawa kiprahing pasinaon maos geguritan, guru ingkang mucul basa jawi, lan siswa kelas VIIIA Negeri 4 Purwantoro. Dhata utama kacawisaken kanthi langkah-langkah *obsevasi, tekstualisasi, multikolom, segmentsi, tematisasi, proposionalisasi, lan redhuksi*. Dene teknis analisis dhata katindakaken kanthi langkah-langkah dipunjentrehaken, dipuntafsraken, dipunrangkum, dipundamel dudutan, lan dipunsaranakaken. Metodhe ingkang dipun ginakaken ing pasinaon maos gegiritan ceramah, tanya jawab, penugasan, dhemonstrasi.

Dudutan saking panaliten punika: maos geguritan ingkang dipunwangun guru dereng katindakaken kanthi sae, awit wonten bab-bab ingkang perlu kawigatosaken malih. Guru anggenipun nindakaken pasinaon sampun jumbuh kaliyan *Rencana Pelakasaan Pembelajaran* utawi RPP-nipun, ananging taksih wonten cak-cakaning pasinaon ingkang dereng trep inggih punika ing perangan wiwitan (*apersepsi*). Guru boten ngendikake guna lan paedahipun maos utawi gladhen maos geguritan. Guru dereng nggaduhahi kompetensi ingkang trep kaliyan keahliyanipun. Guru dereng nggaduhahi pengalaman ingkang trep awit nembe kalih taun mucul basa jawi. Pasinaon maos geguritan ing mriki, terkadhang pamaosing cakepaning geguritan kirang trep ing babagan pedhotan kang kajumbuhaken kaliyan isinipun. Guru kirang nguwaosi pasinaon kalebet materi maos geguritan, metodhe, lan evaluasi pasinaon. Evaluasi kang kaparingaken ngengingi isinipun geguritan kemawon, menggah mratekaken setunggal mbok ka setunggal mboten dipuntindakaaken awit cumpenipun wekdal.

Wosing tembung: pasinaon, maos, geguritan, panaliten, studi kasus.

ABSTRAK

Kustini, 10PSC01159, 2015. Pasinaon Maos Geguritan (Studi Kasus ing Kelas VIIIA SMP Negeri 4 Purwantoro, Wonogiri, Semester 1 Taun Pelajaran 2013/2014). Tesis: Program Pascasarjana Universitas Widya Dharma Klaten.

Penelitian ini menggambarkan kegiatan pembelajaran *maos geguritan* di kelas VIIIA SMP Negeri 4 Purwantoro. Penelitian ini mempunyai tujuan untuk mengetahui pelaksanaan pembelajaran maos geguritan dan untuk mengetahui sebab-sebab terjadi pembelajaran *maos geguritan* di kelas VIIIA SMP Negeri 4 Purwantoro terlaksana seperti yang terjadi saat observasi.

Metode yang digunakan dalam penelitian ini adalah berupa penelitian deskriptif kualitatif. Jenis datanya brupa kata-kata dan tingkah laku. Sumber data penelitian ini adalah tempat kejadian, kegiatan pembelajaran maos geguritan, guru yang mengajar bahasa jawa dan siswa kelas VIIIA SMP Negeri 4 Purwantoro. Data utama dipersiapkan dengan langkah-langkah obsevasi, tekstualisasi, multikolom, segmentasi, tematisasi, proposionalisasi dan reduksi. Sedangkan teknis analisis data dilakukan dengan langkah-langkah urutanya yaitu diuraikan, ditafsirkan, dirangkum, disimpulkan, dan disarankan. Metode yang digunakan dalam pembelajaran *maos geguritan* ceramah, tanya jawab, penugasan, demonstrasi.

Kesimpulan penelitian ini adalah: *maos geguritan* yang dilakukan guru belum berjalan dengan baik, karena masih banyak prmasalahan yang perlu diperhatikan lagi. Guru didalam melaksanakan pembelajarannya sudah baik apabila dilihat dari urutan Rencana Pelaksanaan Pembelajaran (RPP), tetapi masih ada tata urutan dalam pembelajaran yang kurang sesuai, yaitu dibagian awal atau (*apersepsi*). Guru tidak menjelaskan apa arti dan fungsinya membaca atau latihan membaca geguritan. Guru belum mempunyai kompetensi yang sesuai dengan keahliannya. Guru belum memiliki pengalaman yang banyak dan sesuai, karena baru dua tahun mengajar bahasa jawa. Didalam pembelajaran *maos geguritan* di sini, terkadang masih banyak terjadi pengucapan kata atau vokal, dan pemenggalan kata yang tidak sesuai dengan maksud dan isinya. Guru kurang menguasai pembelajaran termasuk materi maos geguritan, metode dan evaluasi pembelajaran. Evaluasi yang dilaksanakan hanya mengenai isi geguritan saja, karena kalau siswanya mempraktekan satu per satu waktu yang tidak mencukupi.

Kata kunci: pembelajaran, membaca, puisi Jawa modern (*geguritan*), penelitian studi kasus.

ABSTRACT

KUSTINI. 10PSC01159., Post Graduate Study Program. Widya Dharma University Klaten, 2015. Thesis: *Learning reading ‘Geguritan’ (A modern Javanese poetry)(A Case Study Of Reading Mastery Of The Eighth Year Students Of SMP Negeri 4 Purwantoro Wonogiri In The Academic Year of 2013/2014.*

This research describes the teaching and learning reading “geguritan” in the eighth year students of SMP Negeri 4 Purwantoro, Wonogiri. The aim of the study is to know the learning process of reading the modern Javanese poetry and to know the reasons in learning reading the modern Javanese poetry in the Eighth Years Students Of SMP Negeri 4 Purwantoro, Wonogiri.

This research is the qualitative descriptive. The source of the data is consisted of the class situation, the teacher who teach Javanese language, the eighth years students, the teaching and learning reading of the modern javanese poetry in SMP Negeri 4 Purwantoro, Wonogiri in the form of students words and behaviour. The data were collected through participant observation, textualization, multicoloumn, segmentation, tematization, proposionalizatison and reduction. Tyhe data were analized in such activities, namely: data reduction, data display, and conclusion drawing. Speech, interview, giving assignment and demonstration which are then the method used by the writer.

The result of the research show the following four conclusions (1) reading a modern Javanese poetry doesn’t optimaly run well caused by some problems. The teacher have done their task well in teaching and learning, but it needs such improvement in the apperception step. The teacher didnt explain both the meaning and function of reading a modern javanese poetry. (2). The teacher doesn’t have such experience in teaching a modern javanese poetry because she just taught for 2 years. (3). In learning reading a modern javanese poetry, the writer found some mistakes in pronouncing the vowels and unappropriate syllabicity. (4). The teacher didn’t master the material well including reading a modern javanese poetry, the teaching and learning method, and also the evaluation.

Key words: Teaching and learning, reading, a modern javanese poetry, research, case study.

BAB I

PURWAKA

A. Pancadaning Rembag

Pasinaon maos geguritan dados salah satunggaling kompetensi dhasar ingkang kedah dipunwucalaken ing pawiyatan madya. Kompetensi dhasar punika dipunwucalaken ing SMP kelas VII (pitu), VIII (wolu), ugi IX (sanga). Ing SMP Negeri 4 Purwantoro Kabupaten Wonogiri, piwulang maos geguritan kirang sengsem tumraping para siswa. Maos geguritan awrat dipunraosaken dening para siswa wiwit saking tataran kelas VII ngantos dumugi kelas IX. Bab punika nedahaken bilih para siswa kathah ingkang anggenipun maos namung kados maos cariyos kemawon boten dipunlagokaken ingkang samesthinipun. Dados namung ndlujur punapa wontenipun, boten mawi panglaras ingkang maton.

Para siswa boten nggatosaken, boten saged maos geguritan kanthi trep. Sedayanipun punika boten namung jalaran saking siswa kemawon, ananging ugi saged kemawon jalaran saking guru piyambak ingkang boten saged maos geguritan kanthi trep lan kirang nabet tumraping para siswa. Babagan punika ugi dipunsebabaken dening wekdal ingkang dipunparingaken dhumateng piwulang basa Jawi namung sekedhik. Dados kadhangkala piwulang ingkang magepokan kaliyan babagan sastra kirang jangkep, ugi kirang tuntas dipunparingaken dhumateng para siswa. Sadaya kalawau awit piwulang basa Jawi saben satunggal kelasipun namung kajatah 2 (kalih) jam saben minggunipun, kamangka manawi dipuntingali piwulang basa Jawi punika kathah sanget perangan ingkang kedah dipunwucalaken dhumateng para siswa.

Maos geguritan ingkang asring kita pireng saking para siswa boten kados ingkang asring kita pireng lumantar rekaman-rekaman saking para pakar geguritan. Liripun, para siswa boten saged maos kados ingkang wonten rekaman. Bab punika awit, (1) para siswa kirang anggenipun gladhen kanthi gumathok, (2) para siswa awis-awis mirengaken geguritan ingkang kagiyaraken lumantar radhiyo punapadene rekaman, (3) geguritan kalamangsa boten dipunegulang awit winatesipun wekdal (jam mucal).

Para siswa ing SMP 4 Purwantoro, mliginipun kelas VIIIA taksih kangelan anggenipun nyinau ugi kange mraktekakan babagan maos geguritan punika. Pramila para siswa kathah sanget ingkang sami bingung manawi kapurih mraktekaken maos geguritan wonten ing kelas. Kula tingali satunggal baka satunggal, pranyata sadaya sami anggenipun maos geguritan, namung ndlujur kadosdene maos crita utawi maos serat kabar. Praupan kirang nggadhahi greget.

Piwulang maos geguritan ingkang kados makaten boten saged kasil kanthi sae kadosdene ingkang dipunpikajengaken dening para guru. Sadaya kalawau dipunsebabaken wontenipun pinten-pinten prakawis, inggih punika: (1) dipunsebabaken dening para siswa, (2) saged ugi dipunsebabaken dening para guru piyambak. Saking siswa, dipunsebabaken amargi kirang nggatosaken piwulangipun saking guru ingkang maringaken ugi ingkang maringi tuladha, saged ugi rumaos angel, saengga kirang tlatos anggenipun nyinau, saged ugi amargi boten mangertos tegesipun tembung-tembung kang kaserat ing geguritan. Manawi saking guru, dipunsebabaken amargi para guru kirang gembleng anggenipun nyinau babagan maos geguritan. Mangertosipun namung setengah-

setengah, pramila wekdal maringaken dhateng siswa ugi kirang mantep, asring dipunwastani ragu-ragu utawi kirang *pe dhe*. Kadhangkala ugi, para kadang kawratan babagan maringi teges ing cakepan maos geguritan punika, awit cakepan geguritan kathah lan asring ngginakaken basa kawi utawi basa Jawi kina. Pramila, mesthinipun para guru gadhah kamus basa Jawi ingkang jangkep, ugi sredha-sudi anggenipun ngangsu kawruh babagan geguritan saking para pakar, seniman, ingkang nggegulang ing babagan geguritan. Sanesipun punika, para guru kirang anggenipun ndherek seminar-seminar babagan maos geguritan. Kula pitados bilih para guru kalawau ngraosaken awrat sanget anggenipun saged kasil kanthi sae tumrap piwulang babagan maos geguritan punika. Manawi kita tintingi sesarengan, sanesipun kirang pana ing babagan materi, para guru basa Jawi ugi kirang trep anggenipun ngecakaken metodhe satemah njuwarehi para siswa, amargi kirang *variatif*.

Adhedhasar pratelan-pratelan ingkang kaaturaken ing inggil, panyerat kepengin njingglensi lampahing pasinaon basa Jawi, mliginipun ing kompetensi dhasar maos geguritan. Babagan punika kaangkah sageda manggihaken cara, supados ing mangke saged ngasilaken pasinaon maos geguritan ingkang sae,nengsemaken, saha murakabi. Pramila prakawis punika ndadosaken prihatosing kita sadaya, guru basa Jawi, mliginipun panyerat piyambak. Awit saking punika, panyerat badhe ngawontenaken panaliten kanthi irah-irahan

Pasinaon Maos Geguritan: Studi Kasus ing Kelas VIII A SMP Negeri 4 Purwantoro Semester 1 Taun Pelajaran 2013/2014.

B. Idhentifikasi Prakawis

Saking pancadaning rembag, kenging dipuntintingi bilih pasinaon maos geguritan siswa kelas VIIIA SMP Negeri 4 Purwantoro Semester 1 Taun Pelajaran 2013/2014 kaidhentifikasi kados ing ngandhap punika:

1. Guru kirang sengsem tumraping para siswa.
2. Para guru kirang seserepan ing babagan maos geguritan.
3. Kirang trep saha variyatif ing babagan teknik, metodhe, sarta pirantosing pasinaon maos geguritan,
4. Para siswa kirang mangertos tegesing tetembungan ingkang kaserat ing teks geguritan, saengga gampil nglokro lan bosen.

C. Wewatesaning Prakawis

Adhedhasar idhentifikasi prakawis ingkang sampun kaaturaken ing inggil, kangge ngawekani supados prakawis ingkang badhe kaaturaken utawi prakawis ingkang badhe kataliti boten ngambra-ambra ugi boten uwal saking pancadan ingkang gumathok, pramila panaliti matesi prakawis wonten ing lampahing pasinaon maos geguritan siswa kelas VIIIA SMP Negeri 4 Purwantoro Semester 1 Taun Pelajaran 2013/2014.

D. Rumusaning Prakawis

Adhedhasar wewatesaning prakawis kados katur ing inggil, pramila prakawis ingkang kataliti kenging karumusaken kados ing ngandhap punika.

1. Kadospundi lumampahing pasinaon maos geguritan siswa kelas VIIIA ing SMP Negeri 4 Purwantoro Semester 1 Taun Pelajaran 2013/2014?
2. Prakawis punapa ingkang nyebabaken pasinaon maos geguritan siswa kelas VIIIA ing SMP Negeri 4 Purwantoro Semester 1 Taun Pelajaran 2013/2014 kalaksanakaken kadosdene ingkang kasumerepan nalika katindakaken observasi?

E. Ancasing Panaliten

Panaliten punika nggadhahi ancas kangge:

1. Mangertosi lumampahing pasinaon maos geguritan siswa kelas VIIIA SMP Negeri 4 Purwantoro Semester 1 Taun Pelajaran 2013/2014.
2. Mangertosi sebab-musababipun pasinaon maos geguritan siswa kelas VIIIA SMP Negeri 4 Purwantoro Semester 1 Taun Pelajaran 2013/2014 kalaksanakaken kadosdene ingkang kasumerepan nalika katindakaken observasi.

F. Mupangatipun Panaliten

Panaliten punika kaangkah mupangati tumraping pasinaon basa Jawi. Dene keplasipun makaten.

1. Panaliten punika saged kangge garan wontening lampahing pasinaon maos geguritan.
2. Tumrap guru muatan lokal, mliginipun guru basa Jawi ing SMP, saged sakalangkung mangertosi lan paham metodhe lan medhia ingkang trep

sarta saged dipunginakaken minangka tetimbangan nalika nindakaken pasinaon basa Jawi, mliginipun pasinaon maos geguritan.

3. Tumrap panaliti sanes, asiling panaliten punika saged dipunginakaken kangge dhasar panaliten ingkang gayut.
4. Tumrap kepala sekolah, asil panaliten punika kenging dipunginakaken kangge *umpan balik* lan minangka dhasar nalika kapala sekolah paring sesuluh dhumateng guru basa Jawi.
5. Tumraping siswa, asiling panaliten punika kenging kangge nenangi greged anggenipun sinau basa Jawi.

BAB V

PANUTUP

A. Dudutan

Adhedhasar pangrembagipun dhata ing Bab IV saha kalarasaken kaliyan rumusaning masalah (1) Kadospundi lumampahing pasinaon maos geguritan siswa kelas VIIIA ing SMP Negeri 4 Purwantoro, saha (2) Prakawis punapa ingkang nyebabaken pasinaon maos geguritan siswa kelas VIIIA ing SMP Negeri 4 Purwantoro kalaksanakaken kadosdene ingkang kasumerepan nalika katindakaken observasi, panaliti saged ngaturaken menggah dudutanipun bilih:

1. Pasinaon maos geguritan ing kelas VIIIA SMP Negeri 4 Purwantoro semester ganjil tahun pelajaran 2013/2014 dereng katindakaken kanthi sae, awit wonten bab-bab ingkang prelu kawigatosaken malih. Liripun ing bab urutan sampun jumbuh kaliyan *Rencana Pelaksanaan Pembelajaran* utawi RPP-nipun, katitik saking runtuting guru anggenipun nindakaken pasinaon ingkang kawiwitan saking pambuka (*kegiatan awal*), perangan inti/pokok (*kegiatan inti*), ngantos perangan pungkasan (*kegiatan akhir*). Sanadyan makaten taksih wonten cak-cakaning pasinaon ingkang dereng trep inggih punika ing perangan wiwitan (*pendahuluan/appersepsi*) guru boten ngendikaken gina lan paedahipun nyinau utawi gladhen maos geguritan, ing perangan kegiatan inti guru kirang nguwaosi materi, pasinaon kirang variyatif, evaluasi kirang trep, anggenipun mungkasi pasinaon kirang trep.

2. Guru ing cak-cakaning pasinaon kados makaten kalawau jalaran guru dereng anggadhahi kompetensi ingkang trep kaliyan keahlianipun, jalaran ijazahipun boten saking pendhidhikan basa Jawi, saengga boten nguwaosi materi. Kajawi punika guru dereng nggadhahi pengalaman ingkang cekap awit nembe kalih taun mucalaken mata pelajaran basa Jawi. Bab punika salajengipun njalari guru kirang nguwaosi pasinaon kalebet nguwaosi materi maos geguritan, metodhe, lan *evaluasi* pasinaon.

B. Implikasi

Sasampunipun katindakaken analisis dhata pasinaon maos geguritan kenging ka-*implikasi*-aken makaten:

1. Pasinaon maos geguritan kenging kaindhakaken kanthi migunakaken bantuan IT (*Information Technology*); laptop, komputer, lan sapanunggilanipun.
2. Panguwaosing guru babagan materi geguritan umumipun lan ketrampilan maos geguritan mliginipun kedah dipunindhakaken.
3. Panaliten ing reh maos geguritan saged ngindhakaken para guru basa Jawi SMP anggenipun ngayahi tugas pasinaon.
4. Pasinaon kanthi metodhe adu pinter *antarklompok* saged nenangi greged siswa ing pasinaon maos geguritan tumrap siswa SMP.
5. Tuwuhipun minat lan kreativitas siswa saged dipunsengkuyung kanthi maringi *reward* lan *punishment* (bebingah lan paukuman) ingkang prayogi.

C. Pamrayogi

Adhedhasar dudutan asiling panaliten babagan pasinaon maos geguritan siswa kelas VIIIA SMP Negeri 4 Purwantoro, kaaturaken pamrayogi:

1. Dhumateng guru basa Jawi SMP
 - a. Guru kedah nyamektakaken ayahanipun kanthi sae kadosta nguwaosi materi kanthi sregep nyinau buku-buku referensi ingkang kathah.
 - b. Guru kedah ngrakit lumadosing (*proses*) pasinaon kanthi *pendhekatan* pasinaon ingkang *kreyatif* lan *inovatif* saengga boten njuwarehi.
 - c. Guru kedah nyawisaken perangkat evaluasi kanthi sasae-saenipun saha kajumbuhaken kaliyan tujuan utawi ancasing pasinaon.
 - d. Guru kedah nuhoni Rencana Pelaksanaan Pembelajaran ingkang sampun kadamel lan dipundadosaken garan anggenipun nindakaken pasinaon kange nggayuh tujuan pasinaon ingkang sampun katemtokaken.
2. Dhumateng Sekolah SMP
 - a. Sekolah lumantar Dinas Pendidikan nyuwun dhateng Badan Kepegawaian Daerah (BKD) murih paring guru mata pelajaran basa Jawi ingkang trep kaliyan keahlianipun (jumbuh ijazahipun)
 - b. Sekolah kedah maringi kelonggaran dhumateng guru kange nambah seserepanipun kanthi cara ndherek kuliyah ing tataran sangginggilipun, Musyawarah Guru Mata Pelajaran (MGMP), seminar, lokakarya, workshop utawi pelatihan, saengga saged ningkataken seserepan lan profesionalisme guru.
 - c. Sekolah kedah nyamektakaken pirantosing pasinaon ingkang trep, kadosta buku-buku penunjang, *tape recorder*, LCD ingkang cekap, saengga pasinaon langkung gesang lan langkung *efektif*.

KAPUSTAKAN

Budimansyah, Dasim, 2007. *Model Pembelajaran Sosiologi*. Bandung: PT. Genesindo.

Dasim, Sudarwan, 2002. *Inovasi Pendidikan dalam Upaya Peningkatan Profesional Tenaga Kependidikan*. Bandung : CV Pustaka Setia.

Doyosantosa, B.A, Sulardi, Ariesta Widya, Made Sudi Yatmana, J. Soeparno,B.A. 1988/1989. *Antologi Geguritan*. Proyek Pengembangan Bahasa dan Sastra Daerah Jawa Tengah.

Fathurrohman, Pupuh, Bobry Sutikno. 2007. *Strategi Belajar Mengajar*. Bandung: PT Refika Aditama.

<http://sukantakreatif.worpress.com/2009/06/15/pengertian-geguritan>

<http://akhsa.wordpress.com/2009/04/08/geguritan-werdining-katresnan>

MGMP BHS JAWA WONOGIRI. 1994. *Pinter Basa Jawa*. Wonogiri: Pustaka Multi Media Surakarta.

Moleong, Lexy J. 2008. *Metodologi Penelitian Kualitatif*. Bandung: PT Remaja Rosdakarya.

Pustaka Candra, Nomer 02 vol 28 Mei –Juni 2009, *Metode Mucal Basa Jawa*. Semarang.

Siswoyo, Dwi. 2008. *Ilmu Pendidikan*. Yogyakarta: UNY Pres.

Sugihartono, Kartika Nur Fatiyah, Farida Harahap, Farida Agus Setiawati, SitiRohman Nurhayati. 2007. *Psikologi Pendidikan*. Yogyakarta: UNY Press.

Sugiyanto, 2008. *Model-model Pembelajaran Inovatif*. Surakarta: Panitia Sertifikasi Guru Rayon 13.

Sugiyono, 2007. *Metode Penelitian Kuantitatif Kualitatif dan R&D*. Bandung: Alfabeta.

Sendang Mulyono. 2010. *Seni Baca Geguritan*. Lembaga Pengembangan Sastra dan Budaya.

Syamsudin, Vismaia S. Damayanti. 2009. *Metode Penelitian Pendidikan Bahasa*. Bandung: PT Remaja Rosdakarya.